



## 10 pi bon konsèy "BikeSafe" gen pou paran nan afè monte bisiklèt

1. Pa bliye fè pitit ou mete kas bisiklèt nan tèt li! **Anpil Eta mande pou timoun ki poko gen 16 an mete kas bisiklèt nan tèt yo dapre lalwa** lè y ap monte bekàn (**Eta Florid tou**). Kas bisiklèt se *meyè mwayen* moun genyen pou yo redui valè timoun ki pran chòk nan tèt ak timoun ki mouri akòz aksidan bekàn.
2. Montre pitit ou woule bekàn **nan menm direksyon ak sikilasyon machin** (PA nan sans kontrè). Lè n ap woule bekàn, nou deplase pi rapid lontan pase lè n ap fè egzèsis kouri oswa lè n ap mache pou n fè egzèsis. Se sa k fè, kote ki mwen danjere pou moun woule bekàn se toujou **NAN MENM** sans ak sikilasyon machin.
3. Montre pitit ou li dwe respekte **ansèy ak siyal sikilasyon**. Menm jan ak machin nan lari a, siklis yo (*moun ki sou bekàn*) dwe suiv règleman sikilasyon yo tou – règleman tankou, bay pyeton priyorite epi kanpe devan siy estòp ak anba limyè wouj.
4. Montre pitit ou pou li **KANPE epi pou li gade AGOCH-ADWAT epi AGOCH ankò pou li kab sèten pa gen machin nan lari a anvan li sot nan antre kay la al nan lari**. Antre kay se kote ki pi komen pou aksidan kote machin frape moun k ap monte bekàn.
5. Montre pitit ou pou li **gade machin k ap pase, pou chofè yo ka wè li, epi montre l fè siyal li dwe fè ak men li** lè li vle kase koub sou bekàn. Afè pran linèt nan mitan machin, kit y ap deplase kit yo estasyon, se danje; se yon bagay komen ki lakòz aksidan kote machin frape siklis.
6. Se pou w sèten pitit ou parèt **vizib**; sèvi ak materyèl ki reflete limyè, limyè, ak rad koulè klè. Ou ka kole tep ki reflete limyè sou sakado epi pitit ou ka mete braslè ki reflete limyè nan ponyèt li tou. Anpil Eta (Florid tou) mande dapre lalwa pou tout moun k ap monte bekàn anvan solèy leve oswa apre solèy kouche, yo dwe gen yon limyè blan devan bekàn nan ak yon limyè wouj (*limyè toutbon*, pa reflektè) deyè bekàn nan.
7. Montre pitit ou sa sa vle di monte bekàn ak prekosyon. Pitit ou ta dwe anmezi woule bekàn an liy dwat epi gade sou zepòl li pou l wè di pa gen machin k ap vini san l pa fè oken zigzag nan lari a.
8. Montre pitit ou kouman pou l **frennen epi kontwòle vitès li kòm sadwa**. Pitit ou bezwen aprann sèvi ak fren bekàn nan pou l kanpe bekàn nan, fò l pa trennen pye l atè pou l frennen bekàn nan.
9. Anvan laj 10 an, pi fò timoun pa fin konprann nèt kouman trafik la mache. Sou plan devlopman, yo pa kab imajine vitès ak distans machin ki pre. **Timoun 9 an ak SA ki pi piti ta dwe woule bekàn sou bò dwat twotwa a ak prekosyon** epi yo ta dwe mache ak bekàn yo nan mitan tras pou travèse lari yo, men yo pa ta dwe travèse lari sou bekàn.
10. Sa ki pi enpòtan an sèke **pitit ou ap suiv OU!** Pa bliye **trase bon egzanz pou pitit ou** lè w ap monte bekàn avè li. Trase bon jan egzanz pou pitit ou: mete kas bisiklèt nan tèt ou, fè machin wè w, epi woule bekàn san w pa fè kout gidon dwòl sanzatann.

Pou plis enfòmasyon ale sou sit wèb nou an: [www.ibikesafe.us](http://www.ibikesafe.us)!